

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan *Média Game Puzzle Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Mikawanoh Kabeungharan Kosa Kecap Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa Kelas VIII-C SMP 4 Muhammadiyah Margahayu Taun Ajaran 2014/2015)*, dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a) Kamampuh mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda siswa kelas VIII-C SMP 4 Muhammadiyah Margahayu saméméh ngagunakeun média *game puzzle* rata-ratana 84, tina 33 urang siswa anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, aya 6 urang (18%) anu peunteunna di handap KKM (75).
- b) Kamampuh mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda siswa kelas VIII-C SMP 4 Muhammadiyah Margahayu sanggeus ngagunakeun média *game puzzle* rata-ratana ngaronjat jadi 97, tina 33 urang siswa anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, sakabéh siswa (100%) peunteunna jadi di luhur KKM (75).
- c) Aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung *pascates* mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda siswa dumasar kana hasil $t_{itung} 8,36 > t_{tabel} 2,46$. Ku kituna dicindekkeun yén média *game puzzle* bisa ngaronjatkeun kamampuh mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda siswa kelas VIII-C SMP 4 Muhammadiyah Margahayu taun ajaran 2014/2015.

5.2 Implikasi

Média *game puzzle* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda. Larapan média *game puzzle* meunang sawangan anu positif ti siswa jeung guru. Ieu hal téh dilantarankeun prak-prakan larapan média *game puzzle* anu ngirut jeung pikaresepeun. Lantaran

éta, média pangajaran ieu téh miboga poténsi pikeun ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan parobot dina kahirupan sapopoé urang Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Ku sabab hasil panalungtikan yén média *game puzzle* bisa ngaronjatkeun kamampuh mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda, ku kituna média *game puzzle* ieu dirékoméndasikeun pikeun dijadikeun alternatif média dina ngaronjatkeun kamampuh mikawanoh kabeungharan kosa kecap basa Sunda siswa.
- 2) Guru kudu bisa ngahudang karep siswa ku cara leuwih variatif dina ngagunakeun média pangajaran, salasihijina ku cara ngagunakeun média *game puzzle*.
- 3) Siswa kudu daék mikawanoh adat istiadat jeung budaya Sunda, ulah géngsi maké basa Sunda, sarta siswa kudu leuwih aktif nalika prosés lumangsungna pangajaran.
- 4) Panalungtikan kahareupna, dipiharep para panalungtik bisa leuwih kréatip deui dina nyieun média pangajaran basa Sunda keur di sakola, anu bisa ngigelan jaman.